O. HASANBAYEVA, M. INOYATOVA
J. BAZARBAEV

# A'DEPNAMA

Uli'wma worta bilim
beretug'i'n mekteplerdin'
1-klasi' ushi'n sabaqli'q

Wo'zbekstan Respublikasi' Xali'q
bilimlendiriw ministrligi ta'repinen
basi'p shi'gari'wga usi'ni's yetken

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi'»
Ma'mleketlik ilimiy baspasi'
Tashkent — 2011

Pikir bildiriwshiler

**N. Komilov** — filologiya ilimlerini'n' doctori', professor,
**Sh. Rizayev** — filologiya ilimlerini'n' kandidati',
**I. Mirzaxalilova** — RBWO bas metodisti',
**N. Mirrahimova** — baslang'i'sh klass woqi'ti'wshi'si'.

## SHA'RTLI BELGILER:

 — birgelikte woqi'ymi'z;

 — buni' bilip al;

 — jumbaqti' sheshin';

?! — tapsi'rma ha'm sawallar;

 — sabaq tamam boldi'.

**«Ma'mleketlik byudjet qarji'lari' yesabi'nan basi'p shi'g'ari'ldi'».**
**Biypul.**

H $\frac{4303000000}{358 - 2011}$

ISBN 978-9943-07-150-6

© «O'zbekiston milliy ensiklopediyasi'» Ma'mleketlik ilimiy baspasi', 2011-j.
© «Bilim» baspasi', 2011-j.

# WO'ZBEKSTAN — AZAT, ABAT DIYAR
# 1 - SENTYABR — G'A'REZSIZLIK KU'NI



## BABALARDAN MIYRAS JURT

# WATAN MEHRI



?! Su'wret tiykari'nda Watani'miz haqqi'nda ayti'p berin'.

Watang'a mehir ha'mmeni jurt ti'ni'shli'g'i, azatli'g'i ha'm abatli'g'i' ushi'n islewge shaqi'radi'.



Watan — teberik a’lem, bizdi qorshap turg’an ta’biyat.

Watan — kindik qani’mi’z tamg’an jer. Babalari’mi’z jasag’an jurt.

Bizin’ watani’mi’z — Wo’zbekstan.



Watang’a mehir anani’n’ ha’yyiwinen baslanadi’.



?!

1. Watan mehri ne yekenligin bilesizbe?
2. Biz ne ushi’n Watani’mi’zdi’ su’yemiz?

## WO'ZBEKSTAN — HU'R U'LKEM



Wo'zbekstan 1991-ji'l 31-avgust ku'ni G'a'rezsiz azat u'lkege aylandi' ha'm Wo'zbekstan Respublikasi' dep ja'riyalandi'. 1-sentyabr G'a'rezsizlik ku'ni dep belgilendi.

### Hu'r u'lkem



Wo'zbekstan — hu'r u'lkem,
Qushag'i' ken' nur u'lkem.
Qumay qusi' basi'n'da,
Baxi't parlar quyashi'n'da.

Mehirge ka'n, toli'san',
Atami'zday ulli'san'.
Quwani'shi'm maqtani'shi'm,
Qushag'i'n'da baxi'tli'mi'z!

*Dilshad Rajab*

?!

1. Wo'zbekstan qashan g'a'rezsizlikke yeristi?
2. Azat u'lkemiz neshe jasqa kirdi?







?! Wo’zbekstanni’n’ ha’m Qaraqalpaqstanni’n’ gimnin yadlap aldi’n’ba? Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan gerbinde neler ko’rsetilgen?



Azat — □□□□ .

G’a’rezsiz — □□□□□□□□□ .

?!

1. Wo’zbekstandi’ ne ushi’n azat u’lke dep ataymi’z?
2. U’lkeygende watani’mi’z keleshegi ushi’n qanday u’les qosasi’z?

# WATAN BOYLAP SAYAXAT






Ana watani'mi'zdi'n' ha'r bir qala ha'm awi'llari' biz ushi'n qa'dirli.



Watani'mi'zdi'n' qaysi' jerlerine sayaxat yetiwdi' qa'leysiz? Juwabi'n'i'zdi' (kletkag'a "+" belgisin qoyi'p) belgilen':

G'a'rezsizlik maydani'na — ☐ .

Samarqand qalasi'na — ☐ .

?! Da'pterin'izge sayaxat qi'li'wdi' qa'legen jerin'izdi jazi'n'.



Tashkent — Watani'-mi'z paytaxti'



Samarqand — Shi'g'i's du'rdanasi'



Buxara — tariyxi'y miyraslar jurti'



Xiywa — a'yyemgi qala

?! Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa, qalalari' haqqi'nda nelerdi bilesiz?



Bu'lbu'l sha'mendi su'yer, adam □□□□□□□ .
Watani'm — jani'm □□□□ .

## SHAN'ARAQ — BAXI'T QORG'ANI'

### SHAN'ARAQTA HA'MME WAQI'T MEHRIBANLI'Q BOLSI'N



Ha'r bir insanni'n' wo'z shan'arag'i' bar. Bunda ata-ana, kempir apa, ag'a-ini, apa-sin'liler jasaydi'. Wolar bir-birine ja'rdem beredi. Shan'araq ta kishi bir watan.



?!

1. Su'wrette kimlerdi ko'rip ati'rsi'z?
2. Bular bir shan'araq ag'zalari'ma?



U'lkendi u'lken bil, kishini □□□□.

Woylap tapqan so'zin'izdi kletkalar ja'rdeminde a'depnama da'pterin'izge jazi'n'.

# SHAN'ARAQTA INSANI'YLI'Q, MEHRIBANLI'Q TA'RBIYASI'NI'N' QA'LIPLESIWI





?!

1. Su'wretlerde kimler ko'rsetilgen?
2. Ata-anan'i'zg'a ja'rdem beresiz be?
3. Watani'mi'zda balalar ha'm qariyalar qalay a'zizlenedi?

Xalqi'mi'zda buri'nnan qariyalarg'a u'lken hu'rmet ha'm itibar ko'rsetilgenin bilip ali'n'!

U'lkenge hu'rmette bol,
kishige _ _ _ _ _ _ _ .

# MENIN' SHAN'ARAG'I'M.
# SHAN'ARAQTAG'I' DA'STU'RLER





?!

1. Su'wretlerde kimler ko'rsetilgen?
2. Wolardi'n' bir shan'araq ag'zalari' yekenligin nelerden bildin'iz?



## Menin' shan'arag'i'm

U'yimizde to'rtewmiz,
Yen' kishisi yerkesi.
Bul men — Tajixanman,
Yendi besten asqanman.
Wo'spekte boyi'm kekilim,
Shirindur aytqan so'zim.

*Dosjan Matchan*







?!

1. Su'wretlerde kimler ko'rsetilgen?
2. Balalar ata-analari'na qanday ja'rdem berip ati'r?
3. Sizdi bayram keshelerine kim ali'p baradi'?

## A’DEPLILIK INSANNI’N KO’RKI

## SA’LEM SO’ZDIN’ KEWIL ARNASI’

### A’deptin’ basi’ — sa’lem



Jol u’stinde ushi’rag’an
Adamlarg’a berin’ sa’lem.
A’lik ali’p wol da, sonda
Der: “Raxmet, balam”.

Sa’lemsiz wo’tsen’ yeger,
Sorli’ saqaw yeken der.
Tilin’ barg’oy, a’lbette,
U’lkenlerge sa’lem ber.

*Talib Yuldosh*

?!

1. Ne ushi’n “A’dep basi’ — sa’lem” deydi?
2. “Assalawma a’leykum”, “Wa’leykum assalam” so’zlerinin’ ma’nisin tu’sindirin’.
3. Qanday balalar sa’lemlesiwdi umi’tadi’?



Kletkalarg'a jasi'ri'ng'an so'zdi tabi'n'!

1. A'deptin' basi' — s□□□m.
2. Sa'lemnen baslanar — a'□□p .
3. Assalawma a'leykum — w□□□□□□m a□□□□□m.



> A'depli adamlar birin biri ko'rgende mehir ko'rsetip sa'lemlesedi. Sa'lemlesiw — bir-birine sawli'q, ti'ni'shli'q, amanli'q tilew.

## KIM BIRINSHI SA'LEM BERIWI KEREK



Sa'lem beriw insanni'n' yen' go'zzal pazi'yleti. A'dette kishkeneler u'lkenlerge sa'lem beredi. Sa'lem arqali' wolar u'lkenlerge wo'z hu'rmetlerin bildiredi.



# KIM KIMGE SA'LEM BERIWI KEREK?





?!

1. Su'wrette neler ko'rsetilgen?
2. Ha'r bir su'wrettegi ko'rinislerdi tu'sindirip berin'.
3. Qashan ha'm qanday jag'daylarda sa'lemlespeydi?

# A'DEP — GO'ZZALLI'Q BELGISI









?!

1. Su'wrette ko'rsetilgen balalardi' ne ushi'n a'depli balalar dep aytami'z?
2. Siz kimlerdi a'depli ha'm pa'kize dep bilesiz?

## A’DEP — INSANNI’N’ KO’RKI

## WOQI’WSHI’NI’N’ A’DEBI



?!

1. Su’wrette neler ko’rsetilgen?
2. Sabaqta qatnasta za’ru’r yen’ a’hmiyetli a’dep qag’i’ydasi’n ayti’n’.
3. A’depli woqi’wshi’ mektepte wo’zin qalay tutadi’?
4. Ta’nepis waqti’nda neler menen shug’i’llani’w kerek?
5. Sabaqqa qatnasta ja’ne qanday a’dep qag’i’ydalari’n bilesiz?

# MEKTEP QAG'I'YDALARI'



Mektepte woqi'wshi' ustazlari' ha'm joldaslari'na hu'rmet penen qatnas qi'li'wi' lazi'm. Bilimli woqi'wshi'ni'n' tiykarg'i' pazi'yleti a'debidur.









Mektep a'debi



s _ _ _ m | i _ _ _ _ _ m

A'depli woqi'wshi'



# KIYINIW A'DEBI









?!

1. Siz mektepke qanday tayarli'q ko'resiz?
2. Taza kiyiniw degende neni tu'sinesiz?

Kiyimin'iz azada ha'm taza bolsi'n. Kiyimin'izdi kiyim ildirgishte saqlan'. Ayaq kiyimin'izdi qosi'p, wo'z worni'na qoyi'wdi' umi'tpan'.





?! Qashan qalay kiyiniwdi bilesizbe? Mektep ha'm u'y kiyimlerinin' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'p berin'.
Anan'i'zg'a ko'mekleskende qanday kiyinesiz?

Qay jerde qanday kiyiniw kerekligin bilip ali'n', wog'an u'yrenin'. Mektepten qayti'wdan woqi'w kiyimlerin sheship, u'y kiyimlerin kiyin'.

Men gu'res penenen shug'i'llanaman. Gu'res penen shug'illang'anda aq sh _ _ _ n kiyiw, belge b _ _ _ _ w tag'i'w kerek.

# A’DEPLI BALA.



Bir ku’ni Ha’kim Uli’qpan bir baladan “Kimnin’ balasi’san’?” — dep soradi’.

Bala: “A’depli, hu’rmetli atani’n’ balasi’-man”, — dep juwap berdi.

Bul juwapti’ yesitken Ha’kim Uli’qpan:

— Atan’ qanday jaqsi’ adam yeken-a’, — dep hayran qaldi’. Ha’kim Uli’qpan ja’ne sol baladan soradi’:

— A’depliliktin’ belgisi nede?

— Assalawma a’leykumdedur.



— Adamlardi'n' yen' mehribani' kim?

— Ata-ana. Wolardi' hu'rmet yetiw ha'r bir perzenttin' minnetidur.

— Jaqsi' so'zdin' ma'nisi nede?

— Bir-birin sizlep qatnas jasawda.

— A'depli adamni'n' qu'direti nede?

— Aqi'li' jetik bolg'ani'nda.

— Wol qanday imarat, hesh buzi'lmas?

— A'dalat.

Ha'kim Uli'qpan "A'depli atani'n' balasi'-man", — degen balani'n' aqi'li' ha'm a'depliligine raxmetler ayti'pti'.

## MAQALLAR.

A'deplilik — alti'nnan qi'mbat.

* * *

A'depli bala yelge maqul.

?!

1. Ha'kim Uli'qpan balag'a ne ushi'n hayran qaldi'?
2. A'depliliktin' belgisi nede?
3. Gu'rrin'de qaysi' pazi'yletler haqqi'nda jazi'lg'an?

# DASTURQAN DO'GEREGINDE WOTI'-RI'W HA'M AWQATLANI'W A'DEBI









?!

1. Su'wretlerge qaran'. Dasturqan do'gereginde woti'ri'w a'debi buzi'p su'wretlengen jag'daylardi' tabi'n'.
2. Dasturqan do'gereinde woti'ri'w ha'm awqatlani'w a'debi haqqi'nda qanday qag'i'ydalardi' bilesiz?

## Gu'rrin'

Fatima-Husan ha'm Laylo kempir apasi' menen awqatlani'p woti'rdi'. Husan asi'g'i'p, shala-pala awqatlandi'. Kempir apasi' bi'lay dep yeskertti:

— Awqatlani'w a'debinin' alti' qa'desi bar. Men u'shewin ayti'p beremen. A'depli bala da'slep qollari'n juwadi' — bul birinshisi. Yekinshisi — wo'zinen u'lken-lerden aldi'n awqatqa qol uzaytpaydi'. U'shinshisi, awqat jegende, qoli' menen jerge tayanbaydi'.



?

1. Kempir apasi' awqatlani'wdi'n' qanday qa'delerin aytti'?
2. Qalg'an u'sh qa'de nelerden ibarat?

## INSANDI ULIG'LAYTUG'IN PAZI'YLETLER

### Ma'rt bala



Atam mi'naday bolg'an waqi'yani' ayti'p bergen yedi.

Ka'mbag'al bir kisi taw yetegindegi da'rya ko'pirine qarawi'lli'q yetetug'i'n yedi. Bir ku'ni tawdan ku'shli sel ag'i'p kelip, qarawi'ldi'n' u'yi sel asti'nda qaladi'.

Sonda bir ma'rt bala ku'shli sel menen ali'si'p qarawi'l ha'm woni'n' shan'arag'i'n qutqari'p qaladi'.

Atam balani'n' jaqsi'li'g'i'n si'yli'qlaw ushi'n wog'an pul bermekshi boli'pti'. Sonda bala:

— Ata pullardi' qarawi'l ag'ag'a berin'. Wol jumi'ssi'z qaldi'. Shan'arag'i' ja'rdemge mu'ta'j, — depti.

Ha'mme ma'rt balag'a qayi'l qali'pti'.

?!

1. Ma'rt bala kimdi wo'limnen qutqardi'?
2. Adamlar balag'a nege qayi'l qaldi'?



Ma’rtlik ha’m yerlik — bul Watan qorg’awi’na tayar turi’w, g’a’rip-qa’serlerge reyimli ham keshirimlilik boli’wdi’ an’latadi’. Tuwri’ so’zlik ma’rtliktin’ belgisi.



Ma’rtlik

T _ _ _ _ _ _ q

y _ _ _ _ t

Ma’rt insan

Keteksheleger kerekli so’zdi qoyi’n’:

M _ _ _ maydanda si’nalar.

M _ _ _ _ _ k — ma’n’gilik.

Yel qorg’asan’, wozarsan’,

Qorg’amasan’t t _ _ _ _ _ _ n’ .

! Tapqan so’zlerin’izdi “A’depnama” da’pterin’izge keteksheler ja’rdeminde jazi’n’.



## QI'ZLAR PAZI'YLETI — UYAT HA'M IYBE



Iybe ha'm uyat joqari' pazi'yletlerge qollani'latug'i'n tu'sinik. Wol su'ykimlilik, kishipeyillik, mu'layi'mli'li'q, sabi'rli'q, wo'zin-wo'zi biylewshilik, wo'z worni'n kim yekenligin tu'siniw, wo'zgelerge hu'rmet penen qaraw iybeli ha'm su'ykimli boladi' ha'm su'ykimliligi menen jaqsi' delinedi.

Uyat wo'zin ha'm wo'zgelerdi qa'dirley biliw, wo'zinin' qa'dir qi'mbati'n, abi'rayi'n hu'rmetlew, "soramay kirgen uyat, soramay shi'qqan ayi'p", "sa'lemlespey so'ylesiw uyat", "kisinin' zati'n wo'zin'diki dep yesaplaw uyat", "wo'tirik so'ylew uyat", "jala jabi'w uyat".

Balalar wo'zleri bilmesten yamasa bilqastan bir qa'te is qi'li'p qoysa uyattan baslari'n ko'tere almaydi', ju'zi qi'zaradi'. Uyatsi'z balani'n' ju'zi qara deydi.

?!

1. Iybelik ne yeken?
2. Qi'zlar qalay su'ykimli boladi'?
3. Qanday ha'reketler uyat dep sanaladi'?

### Naqi'l

Bettin' qarali'g'i' uyat yemes,
Ju'zdin' qarasi' uyat.

Buni' yadlap ali'n'!



Uyali'wg'a sebep bolatug'i'n ha'reketlerden saqlani'w uyatli'li'q ha'm iybelilik boladi'. Uyatsi'z adamni'n' dosti' bolmaydi'.



Uyatli'li'q

a _ _ p    i _ _ e



## G'AYRAT HA'M QUNTLI'LI'Q WOQI'WDA, JUMI'STA DA KEREK

### Jipek qurti'

(ti'msal)



Jipek qurti' wo'zi ha'reket qi'la almag'anli'qtan gu'lden gu'lge ushi'p qoni'p ju'rgen gu'beleklerge ha'wes qi'lar yedi. Lekin, wo'z jumi'si'n islewi sha'rt. Sonli'qtan wol g'ayrat penen pilleni toqi'wdi' dawam yetti. Pilleni toqi'p boli'p, woni'n' ishine kirdide uyqi'g'a ketti. Biraz waqi't wo'tip woyandi' ha'm pilleni jari'p si'rtqa shi'qti'. Quyash nuri'na shag'i'li'si'p turg'an go'zzal qanatlari'n ko'rip hayran qaldi'. Gu'belekke aylang'an qurt ushi'p ketti.



Juwmaq: Qunt penen woqi'p, ilim, wo'ner iyelesen'iz, bir ku'n kelip woni'n' ra'ha'tin de ko'resiz.

?!

1. Qurt g'ayrat penen ne qi'ldi'?
2. Qurt qalay gu'belekke aylandi'?



G’ayrat-qunt — u’zliksiz miynet qi’li’w, woqi’w, yerinsheklikten awlaq boli’w. Balalar, a’lbette, g’ayratli’ boli’n’!

?! Maqallardi’ yadlap ali’n’.



Is qos jaqpas jalqawlar,
jaman jolg’a tez tu’ser.
Yerinshektin’ yerten’-
gisi tawsi’lmaydi’.
Jawi’n menen jer ko’-
gerer, miynet penen
yel ko’gerer.



Kletkalardag’i’ jasi’ri’ng’an so’z-lerdi tabi’n’.

Miynettin’ ko’zin tapqan,
b□□□□ ti’n’ wo’zin tabadi’.
Wo’neri joq kisinin’
m□□□ si’ joq isinin’.



## JAQSI' HA'M JAMAN A'DETLER.



### TUWRI' SO'ZLILIK.

Ra'wiyatlarg'a qarag'anda, bir jigittin' anasi' basqa jurtqa barati'rg'an balasi'ni'n' shapani'na qi'ri'q alti'n ten'ge tu'yipti ha'm wog'an ha'r qanday sharayatta da wo'tirik so'ylemewdi ayti'pti'. Balasi' anasi'na so'z berip, ka'rwan menen jolg'a shi'g'adi'. Jolda ka'rwang'a qaraqshi'lar hu'jim yetip, woni' talapti', keyin wolardan tag'i' neleri barli'g'i'n sorapti'. Bala wo'zinde qi'ri'q alti'n ten'gesi barli'g'i'n ayti'pti'. Qaraqshi'lar tekserse, rastanda qi'ri'q alti'n ten'ge bar yeken.

—Sende alti'n barli'g'i'n hesh kim bilmeytug'i'n yedi, nege aytti'n'?—dep sorapti' qaraqshi'lardi'n' basli'g'i'.

—Anama wo'tirik so'ylemewge so'z bergenmen, —depti bala.

Bunnan qaraqshi'lar basli'g'i' ta'sirlenip, alg'an zatlari'n qaytari'pti'. Balani'n' tuwri' so'zliligi sebepli ka'rwan aman qali'pti'. Haqi'yqati'nda da tuwri' so'zlilik jaqsi'li'qqa baslaydi'.

## WO'TIRIK SO'YLEW.



Wo'tirik so'ylew — jaman a'det. A'depli bala wo'tirik so'ylemeydi. Wo'tirikshini hesh kim hu'rmet yetpeydi.

### MAQALLAR

Wo'tirikshinin' ras so'zi de wo'tirik.

***

Wo'tiriktin' wo'miri qi'sqa.





Wo'tirikshige qosi'lma,
Tuwri' so'zin'di jasi'rma.

# KISHIPEYILLIK HA’M MENMENLIK



Kishipeyillik — adamlar xi’zmetine taq turi’w, jaqsi’lardan u’lgi ali’w ha’m shiyrin so’zlilik. Isi ha’m so’zi menen adamlardi’ quwandi’ri’w kishipeyililiktin’ belgisi.



## Ma’jnu’ntal ha’m Aq terek

Aq terek Ma’jnu’ntalg’a:

— Sag’an hayranman, aldi’n’nan adam ayri’lmaydi’. Ne ba’len’ bar, deydi. Ma’jnu’ntal: — Men adamlardi’ jaqsi’ ko’remen. Wolar sayamda woti’rsa quwanaman. Qi’zlar shaqamnan shahpo’pek taqsa i’rza bolaman. Sen bolsa wo’zin’she udayi’na joqari’g’a qarag’anin’ qarag’an. Soni’n’ ushi’n aldi’n’a hesh kim kelmeydi.







Menmenlik — jaman a’det. Kishipeyillik danani’n’, menmenlik nadanni’n’ isi.

## KISHIPEYILLIK ULLI' PAZI'YLET



Insan wo'zin a'lpayi'm tuti'p, wo'zgelerdi hu'rmet-izzet yetse, bul woni'n' adamgershiliginen derek beredi. Kishipeyillik ulli' insanlardi'n' ziyneti, — degen yedi dani'shpan Vaiz Kashifiy.

Kishipeyilliktin' to'rt belgisi bar:

— mehribanli'q;

— izzet-hu'rmetli boli'w;

— a'lpayi'mli'li'q;

— a'deplilik.

Kishipeyillikke qarama-qarsi' illet — bul menmenlik. Menmen adam wo'zin basqalardan u'stin qoyadi', hesh kimdi mensinbeydi.

## MAQALDI' WO'ZIN'IZ TOLTI'RI'N'.

☐☐☐☐☐☐☐☐☐ bolsan', kamal tabasan'.

1. Tuwri' so'zlik qanday pazi'ylet yeken?
2. Kishipeyil insan qanday pazi'ylet-lerge iye boladi?
3. Menmenlik nege a'keledi?



# ILIM HA'M WO'NER TU'RLERI

Qayda barsan'da tu'rli ilimlerdi qunt penen u'yren. Bilimlerdi yadta saqlawdi' a'det qi'l!

*Alisher Nawayi'*

Bilimli, wo'nerli bol,
Degen dana babalar.
Wolardi'n' qu'diretine
Ta'n bergen du'nyalar.
Ilim-wo'ner u'yrensek
Mehir qoyi'p mektepke,
Biz a'lbette jetemiz
Arzi'wlarg'a, maqsetke.

*Dilshad Rajab*



Bilim ali'w, wo'ner u'yreniw ha'r bir woqi'wshi'nin' yen' tiykarg'i' isi, minneti.



Kletkalardag'i' wo'shirilgen so'zlerdi tabi'n', maqallardi' "A'depnama" da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

Aqi'l jastan, hasi'l t _ _ _ _ n .

B _ _ _ _ — aqi'l shi'rag'i'.

## ILIMNIN' QA'SIYETI HAQQI'NDA DANALI'Q GA'PLER



Ilim-wo'ner u'yreniw ushi'n jasli'q da'wiri yen' qolay yesaplanadi'. Jas-li'qta u'yrengen ilim tasqa woyi'l-g'an nag'i'sdur. Ilimli adamdi' ha'mme hu'rmet qi'ladi'. Du'nya-ni'n' go'zzalli'g'i' ilim arqali'. Ilim-wo'ner u'yrengen adam hesh waqi't qor bolmaydi'. A'y perzent, ali'm bol, nadan bolma.

Ilim jag'i'mli' a'tirgu'l iyisine uqsaydi'. Woni' jasi'ri'p bolmaydi'.

*Yusip Xas Xajib*





# WO'NERLI KISI – XOR BOLMAS

## Wo'nerli ha'm wo'nersiz



Wo'nerli ha'm wo'nersiz
qanday bolar?
Bir-birine teskeri
dayi'm wolar.
Birewinin' qoli'nda
g'ayrati' bar.
Birewinin' kewlinde
ha'sireti bar.
Birewinin' ga'p so'zi
ji'lli' bolar.
Birewinin' ha'r so'zi
suwi'q bolar.
Birewinin' miynette
qoli' woynar,
Birewinin' hayranda
ko'zi woynar.
Wo'nerlikti maqtawg'a
so'z jetpeydi.
Wo'nersizdi jazi'wg'a
til kelmeydi.





A’y, balalar, mi’saldur –
bular sizge.
Sira’-sira’ uqsaman’
wo’nersizge.



*Polat Mo’min*

“Wo’nerli qol hari’mas
Wo’nersiz qol jari’mas”.

(Naqi’llar)

?!

1. Wo’nerli kisige ta’n qi’li’qlar neler-den ibarat?
2. Wo’nerli, wo’nersizdi sali’sti’ri’n’.
3. Siz qaysi’ wo’nerlerge qi’zi’g’asi’z?



Wo’ner miynet, intali’li’q arqali’ qolg’a kiredi. I’ri’sqi’- tabi’s ka’sip-wo’ner arqali’ boladi’. Wo’nerli adam xali’qti’n’ hu’rmetine yerisedi.



Maqallardi’ tolti’ri’n’.

Wo’nerdi u’yrende j _ _ _ _ n

Miynet tu’bi r _ _ _ t



# KIM BOLSAM YEKEN?



Asqar “U’lken bolsam, arxitektor bolaman. U’lken jaylar quraman. Arxitektorli’q — yen’ zor ka’sip”, — dedi. Nargiza bolsa: “Woqi’ti’wshi’li’q ha’mme ka’sipten jaqsi’raq”, — dedi. So’zge Rawshan aralasti’: “Yen’ jaqsi’ ka’sip — aydawshi’li’q”, — dedi wol. Birew tigiwshilikti, aspazli’qti’, basqasi’ shi’pakerliktin’ “yen’ zor ka’sip” yekenligin uqti’rdi’. Qa’ne ayti’n’i’z, Siz kim boli’wdi’ qa’leysi’z?



?!

1. Balalar ne haqqi’nda tarti’spaqta?
2. Ne ushi’n balalar wo’zi tan’lag’an ka’sibin maqtadi’?
3. Jaqsi’ ka’sip iyesi boli’w ushi’n ne qi’li’w kerek?

## HA’R KIMNIN’ WO’Z WO’NERI BOLSI’N

Ha’r kimnin’ bayli’g’i’ bolmasa da, wo’neri bolsa, xorli’q-zorli’q ko’rmeydi. Danalar sonday u’git-na’siyat aytadi’: “Ha’r kim wo’zine i’layi’q wo’nerdi tan’lasa, wol baxi’tli’ insan”. Wo’zine mu’na’sip bolmag’an iske kirisken adam aqi’ri’ shermende boladi’.





Ili’m al, wo’ner u’yren.

?!

1. Siz qanday wo’ner tu’rlerin bilesiz?
2. Siz u’lkeygenin’zde qaysi’ wo’nerdi iyelemekshisiz?

## DEN SAWLI'Q – TEREN' BAYLI'Q

## SALAMATLI'Q – INSAN BAYLI'G'I'

### Tisin' saw – waqti'n' xosh



Shuxratti'n' tisi awi'ri'p qaldi'. Ga' ag'asi'ni'n' malaqayi'n, ga' apasi'ni'n' ju'n woramali'n jag'i'na basti'. Awi'rg'ani' basi'lg'annan keyin tistin' awi'rg'ani'n woylamay qoydi'. Bir ku'ni Shuxrat uyqi'dan tisi awi'ri'p woyandi'. Ku'shli awi'ri'wdan ko'zine jas keldi.

Apasi' Shuxratti' shi'pakerge ali'p bardi'. Shi'paker:

— Kesh kelipsen'. Yendi tisin'di suwi'ri'p alamanda, — dedi.

Shuxrat shi'pakerge waqti'nda kelmegenine pushayman boldi'.

?!

1. Shuxrat ne ushi'n shi'pakerge barmadi'?
2. Shuxrat neden pushayman boldi'?

## WAQTI’NDA UYQI’DAN TURI’WDI’N’ A’HMIYETI

### Yerte turi’n’!

A’y perzent, bilip qoy ko’p uyqi’law — jaman a’det. Wol adamdi’ yerinshek qi’ladi’.

Uyqi’ ushi’n ko’p waqi’t sarplap, ku’ndizdi keshke aylandi’rma. Yerte turi’wdi’ a’det qi’l!

*“Qabusnama”dan*

Waqi’tti’ qa’dirle.



?!

1. Siz yertelep saat neshede turasi’z?
2. Ne ushi’n yerte turi’w kerek?



Kem → j _
Kem → s _ _ _ e
Kem → u _ _ _ _ a



## DEN SAWLI'QTI' BEKKEMLEWDE DENE TA'RBIYASI'NI'N' WORNI'

### Bir, yeki, u'sh

Ku'shli, pa'tli bolayi'n desen',
Sport penen shug'i'llan sen,
Bilegin'e toladi' ku'sh,
Mine bunday: bir, yeki, u'sh.



Shi'ni'g'i'wdi' qi'lmag'anda,
Sag'lam aqi'l sag'lam ta'nde.
Ayag'i'n'da boladi' ku'sh,
Mine bunday: bir, yeki, u'sh.



Shi'ni'g'i'wlar menen yeger,
Shug'i'llansan' yerte sa'ha'r,
Ju'regin'e toladi' ku'sh,
Mine bunday: bir, yeki, u'sh!

*R.Qasimxojayeva*



Deni saw adam quwatli', shaqqan, miynetkesh boladi'. Wol ja'rdemge mu'ta'j kisilerge ja'rdem beredi. Den sawli'qti' saqlaw ha'r bir kisinin' wo'z qoli'nda.

?!

1. Qosi'qtan den sawli'qqa baylani'sli' maqaldi' tabi'n'.
2. Siz salamatli'g'i'n'i'zdi' saqlaw ushi'n neler qi'lasi'z?

# KU'N TA'RTIBIN DURI'S BO'LISTIRIN'













Den sawli'qti' saqlawdi'n' u'sh alti'n ni'zami' bar: birinshisi, ku'n ta'rtibine boysi'ni'w, yekinshisi nervti saqlaw, u'shinshisi ha'rekette boli'w.

?!

1. Siz ku'n ta'rtibine boysi'nasi'zba?
2. Ata-anan'i'z ko'meginde wo'zin'iz ushi'n qolayli' ku'n ta'rtibin du'zin' ha'm woni' islen'!



# TA’KIRARLAW



Jaqsi’ qa’siyetler — Jaman a’detler



Jaqsi’ bala — Jaman bala

?! Kletkalarg’a to’mendegi so’zlerdin’ kerekligin jazi’n’:
Ta’rtipli, yerinshek, g’ayratli’, mehriban, wo’tirikshi, tuwri’so’z, maqtanshaq, bati’r, ma’rt, shirinso’z, qopal, mu’layim, kishipeyil.



Jaqsi’ qa’siyetler adamlar ta’repinen ardaqlap kiyati’rg’an qa’siyetler. Jaqsi’ qa’siyetlerdin’ iyesi boli’wg’a umti’li’n’!

?!

1. Qanday qa'siyetke iye bolg'an adamlardi' jaqsi' ko'resiz?
2. Doslari'n'i'zdi'n' qanday qa'siyet iyesi bolg'ani'n qa'leysiz?
3. Adam qanday qi'li'p jaqsi' qa'-siyetler iyesi boli'wi' mu'mkin?



Salamatli'qti'n' u'sh alti'n ni'zami' → ______ ______ ______ ______.
→ ______ ______.
→ ______ ______.

Salamat insan → k ☐☐☐ i
→ sh ☐☐☐☐ n



Gu'na ha'm ayi'p sanali'wshi' ha'-reketler jaman a'detler yesaplana-di'. Jaman a'detlerden saqlani'n'.

?!

1. Jaman a'detlerden quti'li'w mu'm-kinbe?
2. Jaman a'detlerden qalay quti'li'w mu'mkin?



# MILLIY WOYI'NLAR

## BALALAR WOYI'NLARI'

Buri'nlari' balalar "Aq terek pe, ko'k terek", "A'welemen-du'welemen" si'yaqli' woyi'nlardi' woynag'an. Bul wolardi'n' yerkli, zeyinli, yepshil boli'wi'na ja'rdem bergen.

Top woynaw, tez juwi'ri'w si'yaqli' sport woyi'nlari' wolardi'n' denesinin' shi'ni'qqan, ku'shli boli'p wo'siwinde u'lken a'hmiyetke iye bolg'an.



?! Siz qanday woyi'nlardi' bilesiz?

## A’WELEMEN, DU’WELEMEN

A’welemen, du’welemen,
Salqan iyttin’ sani’ menen,
Qara qoydi’n’ qani’ menen.
A’wez molla qayda ketti?
Duzg’a ketti.
— Qashan keler?
— Jaz keler.
— Jaz kelmese?
— Gu’z keler.
— Pa’llenpish.
— Sen tur,
— Sen shi’q.



## MA'WSIMLI WOYI'NLAR

### "Ha'kke qayda?"

Woyi'n-zawi'q qosi'qlari' balalar woyi'nlari'nda ken' qollani'ladi'. "Ha'kke qayda"? qosi'g'i' da usi'nday qosi'qlardi'n' biri.

— Ha'kke qayda?
— Uyasi'nda.
— Ne qi'li'p ati'r?
— Keste tigip ati'r.
— Kestesi qanday?
— Alaqanday.
— Da'rwazani'n' awzi' qaydan?
— Wo'te berin' bunnan.
— Neshe atlasam wo'temen,
— Yeki atlasan' wo'tesen'.
— I'rjaqlaysan' ba?
— Bir jaqlaysan' ba?
— Bir jaqlayman.
— Bir nan jeysen' be?
— Jarti' nan jeysen' be?
— Bir nan jeymen.
— Al basla!

# BALALAR QUWI'RSHAQ TEATRI'

Watani'mi'z paytaxti'ni'n' worayi'nda quwi'rshaq teatri' bar. Wol jerde ha'r qi'yli' tamashalar ko'rsetiledi. Teatr saxnalasti'rg'an "Zumrat ha'm Qi'mbat", "Nasreddin A'pendi" yerteklerin balalar su'yip tamasha yetedi.

Yelimizdin' basqa qalalari'nda da quwi'rshaq teatrlari' bar, wolar kishkentaylardi'n' su'yikli tamasha wori'nlari'na aylang'an.



?!

1. Quwi'rshaq islewdi bilesiz be?
2. Teatrdag'i' tamashalarg'a bardi'n'i'z ba?

# YESLEW HA’M QA’DIRLEW KU’NI

## 9-MAY YESLEW HA’M QA’DIRLEW KU’NI



9-may — “Yeslew ha’m qa’dirlew ku’ni”nde marhumlar qa’birin zi’ya-rat qi’li’w, qariyalar ha’m nawqaslar-dan xabar ali’w insani’yli’q minnet.

### Sharapatli’ minnet

Alisher Nawayi’ sha’kirtleri menen sapar-dan qayti’p kiyati’rg’an yeken. Jol shetindegi qa’biristang’a jaqi’n qalg’anda attan tu’sip joli’n jayaw dawam yetti. Sha’kirtleride attan tu’sip, woni’n’ arti’nan yere berdi. Qa’biristan-nan wo’tkennen keyin wolar atlari’na mindi. Sha’kirtler shayi’rdan qa’biristang’a jaqi’nlas-qanda ati’nan tu’sken sebebin sorapti’. Alisher Nawayi’ bi’lay dep juwap beripti:

— Bul jerde xalqi’mi’zdi’n’ jigerbentleri, teberik atalari’ ma’n’gi uyqi’g’a ketken. Bular qasi’nan at shapti’ri’p wo’tiw insaniyli’q ati’na tuwra kelmeydi. Ata-babalari’mi’z ruwxi’n azizlemek ha’r bir kisinin’ sharapatli’ minneti.



Qa'biristan zi'yarati'nda marhumlardi'n' jaqsi' islerin yeslew, a'wleni jabayi' sho'p ha'm shi'g'i'ndi'lardan tazalaw, u'lkenlerdin' duwalari'na qosi'li'w zi'yarat a'debine kiredi.

?!

1. Alisher Nawayi' qa'biristan qasi'nan wo'tip barati'rg'anda ne qi'ldi'?
2. Sha'kirtler shayi'rdan ne haqqi'nda soradi'?
3. Shayi'r ne dep juwap berdi?

## ANA TA'BIYAT QUSHAG'I'NDA

## TA'BIYAT A'JAYI'BATLARI'



A'tirapi'mi'zda bizdi qorshap turg'an, adam qoli' menen jarati'lmay, ta'biyiy ra'wishte payda bolg'an na'rseler ta'biyat dep ataladi'. Ta'biyatti' saqlaw bizin' minnetimiz.

### Ma'jnu'ntaldi' ne ushi'n su'yemiz?

Qumi'ri'sqalar patshasi' ma'jnu'ntaldi' ju'da' jaqsi' ko'rer yeken. Wol Ma'jnu'ntaldi'n' go'zzali'q sebebin Saydan sorap bilmekshi boldi'. Sebebi Say Ma'jnu'ntaldi'n' anasi' yeken. Patsha Saydi'n' boyi'na bari'p wonnan Ma'jnu'ntaldi'n' go'zzali'g'i'nin' sebebin soradi'. Say:

— Ma'jnu'ntal barli'q wo'simlik, terekler menen birge, biz dem ali'p ati'rg'an hawani' islep shi'g'aradi', quyash nurlari'nin' ta'sirinen saqlaydi', tazali'qti' saqlaydi'. Hawadag'i' mikroblardi' jutadi', haywanlar ha'm adam salamatli'g'i'n qorg'aydi' — dep juwap beripti.

?!

1. Ma’jnu’ntal go’zzali’g’i’ni’n’ sebebi nede yeken?

## SUW — TIRISHILIKTIN’ DEREGI







?!

1. Su’wretlerdi wo’zara sali’sti’ri’n’.
2. Siz suwdi’ asi’rap-abaylawda qanday u’les qosasi’z?

## HAYWANAT A'LEMINE SAYAXAT. JA'NIWARLARG'A G'AMXOR BOLAYI'Q




Nurli'bek mektepke kirpitiken ali'p keldi. Biraq kirpitiken ayag'i'n jerge basa almas yedi. Balalar woni' mekteptegi "Janli' ta'biyat" mu'yeshinde yemledi. Wolardi'n' g'amxorli'qlari' arqasi'nda kirpitiken ta'wir boli'p ketti.

Ali'mni'n' ha'wlisindegi tekshe asti'nda kirpitikennin' uyasi' bar yedi. Keshquri'n kirpitikenler tesiklerden shi'g'ib, ha'wlidegi salmag'a qaray jol alatug'i'n yedi.

Jani'warlarg'a azap bermew, wolar-di'n' jasawi' ushi'n jag'day jarati'w, da'nler, awqatlar beriw adamger-shilik qa'siyeti sanaladi'.

## A'TIRAPI'MI'ZDAG'I' TA'BIYATQA AQI'LLI' QATNAS

### Wo'zbekstan qori'qxanalari'

Wo'zbekstanda bir qansha qori'qxanalar bar. Wolarda Buxara kiyigi, Qi'zi'lqum qoy'i, taw yeshkisi, qaplan ha'm basqa jog'ali'p barati'rg'an quslarg'a g'amxorli'q qi'li'nadi'. 1971-ji'li' Qaraqalpaqstan Baday ma'mleket-lik qori'qxanasi' sho'lkemlesip, wog'an 18 Buxara suwi'ni' a'li'p kelingen.



## TA'KIRARLAW

### Test sorawlari'

**1. Qori'qxanalardi'n' ati' tuwri' ko'rsetilgen qatardi' belgilen':**

a) Zarafshan, Shatqal, Nurata, A'miwda'rya, Buxara ha'm Baday tog'ay qori'qxanalari';

b) Ken'say, Nurata, A'miwda'rya qori'q-xanalari'.

**2. Qori'qxanalarda qanday haywanlar saqlanadi'?**

a) A'ndijan jolbari'si', Ferg'ana qoyi', Qoqan kiyigi, Shatqal ari'slani';

b) Buxara suwi'ni', Qi'zi'lqum qoyi', taw yeshkisi, qaplan ha'm basqada jog'ali'p barati'rg'an haywanlar.



## Jaynap jasna Watan!

Yerkinlikte yer jetkizgen
Shadli' ma'kani'm menin',
Kewilde i'shqi', ju'rekte jan
Ko'zde ra'wshani'm menin',
Boyda jiger, belde da'rman
Ta'nemde jani'm menin',
Gu'lge bo'len
Nurli' bostani'm menin',
Su'yikli tuwg'an yelim
Aziz topi'rag'i'm menin'.



?! Woqi'wshi'ni'n' a'debi nelerde ko'rinedi?

# MAZMUNI'

**O'ZBEKSTAN – AZAT, ABAT DI'YAR**
1 - Sentyabr — g'a'rezsizlik ku'ni .............................. 3
**BABALARDAN MI'YRAS JURT**
Watan mehri ..................................................4
Wo'zbekstan — hu'r u'lkem ......................................6
Watan boylap sayaxat...............................................8
**SHAN'ARAQ — BAXI'T QORG'ANI'**
Shan'araqta ha'mme waqi't
mehribanli'q bolsi'n....................................................10
Shan'araqta insaniyli'q, mehribanli'q ta'rbiyasi'ni'n'
qa'li plesiwi .............................................................11
Menin' Shan'arag'i'm. Shan'araqtag'i' da'stu'rler .....12
**A'DEPLILIK INSANNI'N KO'RKI**
Sa'lem so'zdin' kewil arnasi' .......................................14
Kim birinshi sa'lem beriwi kerek ..............................15
Kim kimge sa'lem beriwi kerek?...............................16
A'dep — Go'zzali'q belgisi ..........................................17
**A'DEP — INSANNI'N' KO'RKI**
Woqi'wshi'ni'n' a'debi....................................................18
Mektep qag'i'ydalari' .....................................................19
Kiyiniw a'debi..............................................................20
A'depli bala.................................................................22
Dasturqan do'gereginde woti'ri'w ha'm awqatlani'w
a'debi ........................................................................24
**INSANDI' ULI'G'LAYTUG'I'N PAZI'YLETLER**
Ma'rt bala ....................................................................26
Qi'zlar pazi'yleti — uyat ha'm iybe .............................28
G'ayrat ha'm quntli'li'q woqi'wda,

jumi'sta da kerek .......... 30
Jaqsi' ha'm jaman a'detler .......... 32
Kishipeyillik ha'm menmenlik .......... 34
**ILIM HA'M WO'NER TU'RLERI** .......... 36
Ilimnin' qa'siyeti haqqi'nda danali'q ga'pler .......... 37
Wo'nerli kisi — xor bolmas .......... 38
Kim bolsam yeken? .......... 40
Ha'r kimnin' wo'z wo'neri bolsi'n .......... 41
**DEN SAWLI'Q — TEREN' BAYLI'Q**
Salamatli'q — insan bayli'g'i' .......... 42
Waqti'nda uyqi'dan turi'wdi'n' a'hmiyeti .......... 43
Den sawli'qti' bekkemlewde dene ta'rbiyasi'ni'n' worni' .......... 44
Ku'n ta'rtibin duri's bo'listirin' .......... 46
**TA'KIRARLAW** .......... 48
**MILLIY WOYI'NLAR**
Balalar woyi'nlari' .......... 50
Balalar quwi'rshaq teatri' .......... 53
**YESLEW HA'M QA'DIRLEW KU'NI**
9-May yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni .......... 54
**ANA TA'BIYAT QUSHAG'I'NDA**
Ta'biyat a'jayi'batlari' .......... 56
Suw — tirishiliktin' deregi .......... 57
Haywanat a'lemine sayaxat.
Ja'niwarlarg'a g'amxor bolayi'q.......... 58
A'tirapi'mi'zdag'i' ta'biyatqa aqi'lli' qatnas .......... 59
**TA'KIRARLAW** .......... 60

74.200.51
H31

**Hasanbayeva O., Inoyatova M., Bazarbaev J.**
**A'depnama:** Uli'wma bilim beretug'i'n mektep-lerinin' 1-klasi' ushi'n sabaqli'q./O. Hasanbayeva, M. Inoyatova, J. Bazarbaev. — T.: "Ozbekiston milliy ensiklopediyasi" Ma'mleketlik ilimiy baspasi', — N.: "Bilim" baspasi', 2011 — 64 b.

I. Inoyatova, M.

BBK 74.200.51

OYSHA HASANBOYEVA, MUHAYYO INOYATOVA, JUMANAZAR BAZARBAYEV

**ODOBNOMA**

**1-sinf uchun**

*(Qoraqalpoq tilida)*

"O'zbekiston milliy ensiklopediyasi"
Davlat ilmiy nashriyoti, 2011.
Toshkent — 129, Navoiy ko'chasi, 30-uy.

"Bilim" baspasi', 2011.
230100. No'kis, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9-u'y.

| | |
|---|---|
| Awdarmashi' | R. Bazarbaev |
| Ko'rkem redaktor | I. Serjanov |
| Redaktori' | I. Serjanov |
| Tex. redaktor | Z. Allamuratov |
| Operator | N. Saukieva |

Basi'wg'a ruxsat yetildi 26.07.2011. Format□ 70x90$^{1}/_{16}$. Kegli 18. «Pragmatica KRKP» garniturasi'. Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 4,0 baspa tabaq. 4,68 sha'rtli baspa tabaq. 3,67 yesap baspa tabaq.
Nusqasi' 9866. 87-11-sanli' buyi'rtpa

Wo'zbekstan baspa so'z ha'm xabar agentliginin' «O'qituvchi» BPDU' baspaxanasi'nda basi'ldi'. Tashkent-194, Yangishahar ko'shesi, 1-u'y.